



Pou Piblikasyon Imedya: 01/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL LIMEN MONIMAN ETA NEW YORK YO POU ONORE MWA
TIMOUN MILITÈ A**

Li mande pou yo limen moniman yo atravè Eta New York nan koulè vyolèt

*Lidè Eta yo asosye ansanm ak pi gwo atraksyon nan tout eta a pou bay pwogram
espesyal pou onore Mwa Timoun Militè a*

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te mande pou yo limen moniman atravè Eta New York nan koulè vyolèt aswè a, 1e avril la, pou rekonèt Avril kòm Mwa Timoun Militè (Month of the Military Child) epi onore timoun ki soti nan fanmi militè yo. Depatman Sèvis Veteran (Department of Veterans' Services, DVS) Eta a pral fè patenarya tou ak divès òganizasyon atravè eta a pou òganize evènman pou timoun militè yo ak fanmi yo pandan tout mwa a.

"Nou dwe yon dèt rekonesans solanèl anvè gason ak fanm nan fòs lame nou yo ak fanmi pa yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwa Timoun Militè a se yon opòtinite pou nou limen pwojèk a sou timoun ewoyik sa yo, ki gen kouraj ak pèsèverans ki enspire nou tout. Nou onore pou pataje resous ak opòtinite ak fanmi militè New York yo pandan tout mwa avril la."

Komisè Depatman Sèvis Veteran Eta New York la, Viviana DeCohen, te deklare, "Timoun militè yo se ewo ke yo neglije atravè eta nou an. Soti nan mouvman souvan ki mande adaptasyon konstan pou rive nan fè fas ak estrès absans pandan yon paran nan yon deplwaman, timoun nan fanmi militè yo fè sakrifis, simonte defi, epi montre rezistans ekstrawòdinè. Se yon onè pou nou fè patenarya ak uit nan sit ki pi remakab – ak jenere – nan Eta New York pou pote anpil moman lajwa pou timoun sa yo pandan mwa espesyal sa a."

Pwogram espesyal yo, ki pwograme samdi ak dimanch pandan tout mwa avril la, kowenside ak selebrasyon Mwa Timoun Militè a nan tout peyi a. Chak timoun militè k ap patisipe nan pwogram sa yo ap resevwa yon sètifika Mwa Timoun Militè pèsonalize ak pwoklamasyon nan fen evènman an.

Enskripsyon davans nesèsè pou patisipe nan nenpòt nan pwogram sa yo. Moun ki entere yo ka enskri gratis lè yo voye yon imèl nan DVSInfo@veterans.ny.gov avèk liy sijè "Mwa Enskripsyon Timoun Militè a" (Month Of The Military Child Registration).

Pandan mwa avril la, timoun militè yo ak paran yo ka patisipe nan pwogram gratis sa yo:

- Samdi 6 avril, l ap kòmanse a 2:00 P.M.: Eksplòre Howe Caverns nan Howes Cave, NY ak yon toune eksklizif anba tè, ki patwone yon fason jenere pa Fondasyon Fanmi Militè (Military Family Foundation) a.
- Diman 7 avril, l ap kòmanse a 10:30 A.M.: Dekouvri sèn Citi Field la nan Queens, NY, ki se lakay New York Mets, ak yon toune espesyal ki gen ladann aksè ak kaj frapè klèb vizitè yo.
- Samdi 13 avril, l ap kòmanse a 2:00 P.M.: Vizite All Things Oz Museum nan Chittenango, NY, vil natif L. Frank Baum, otè Wonderful Wizard of Oz, pou yon eksperyans inik.
- Dimanch 14 avril, l ap kòmanse a 2:30 P.M.: Anbake nan yon vwayaj atravè istwa Broadway nan Mize Broadway la nan Vil New York.
- Samdi 20 avril, l ap kòmanse a 2:00 P.M.: Eksperimante yon avanti bèt sovaj nan Bailiwick Animal Park nan Catskill, NY, kote bèt ekzotik ak domestik ap tann nou.
- Diman 21 avril, l ap kòmanse a 9:30 A.M.: Jwi yon toune espesyal nan Lyndhurst Mansion nan Tarrytown, NY pandan Ekspozisyon Flè remakab pa yo toupre Hudson River.
- Samdi 27 avril, l ap kòmanse a 12:00 P.M.: Patisipe nan yon espektak lazè espesyal sou melodi Taylor Swift nan Planetarium Rochester Museum & Science Center nan Rochester, NY.
- Diman 28 avril, l ap kòmanse a 9:00 A.M.: Dekouvri mèvèy Niagara Falls ak vizit nan Akwaryòm Niagara, woulib bato nan Maid of the Mist ak Cave of the Winds.

Anplis de sa, pandan tout mwa avril la, Depatman Sèvis Veteran Eta New York la pral selebre patenarya li ak Pwojè Bèsez Carnegie Hall la. Fanmi militè yo te kolabore ak atis pwofesyonèl nan Carnegie Hall pou kreye bèsez orijinal pou pitit yo, ak anrejistreman bèsez sa yo k ap pataje sou pwofil rezo sosyal NYS DVS pou plezi piblik la.

Prezidan Fondasyon Entènasyonal L. Frank Baum & All Things Oz Istorik la, Dennis Kulis, te deklare, "All Things Oz Museum la kontan akeyi timoun fanmi militè yo nan mize nou an nan mwa avril la. Fanmi ki sipòte manm sèvis nou yo se poto prensipal lavi militè a, kominote nou yo ak gason ak fanm ki mete inifòm nasyon nou an epi sèvi peyi an nou chak jou, mèsè. Nou kontan ak onore pou nou kapab bay an retou timoun manm sèvis nou yo, fanmi yo ak kominote militè a."

Ko-fondatris Mize Broadway, Julie Boardman, te deklare "Nou kontan pataje maji Mize Broadway la ak fanmi militè nou yo nan onè Mwa Timoun Militè a. Nou te kreye mize a pou enspire envite ki gen tout laj pou aprann de tan pase a pou ede konstwi avni kolektif la, kanpe sou zepòl moun ki te vin anvan nou epi ki te prepare wout la."

Direktè Egzekitif Lyndhurst Howard Zar te deklare, "Lyndhurst gen yon istwa long nan sipòte fanmi militè yo kòmanse ak katriyèm pwopriyetè nou an, jan filantrop Helen Gould te soulinye. Helen te finanse kreyasyon ak ekipman pou lopital militè yo epi li te aktif nan Asosyasyon Nasyonal Fanm Sekou nan ka Lagè (Women's National War Relief Association). Se yon onè pou nou kontinye eritaj sipò Helen lè nou akeyi pwogram sa a sou plas gras ak ArtsWestchester an pati."

Direktè Edikasyon nan Rochester Museum & Science Center, Eron Damercy, te deklare, "RMSC kontan pou òganize selebrasyon sa a nan onè Mwa Timoun Militè a. Nou espere ke eksperyans lan pral enspire kiryozye, mèvèy, ak lajwa nan tout moun ki patisipe. Nou espere ke, kèlkeswa kote avanti lavi yo mennen yo, vizitè yo nan RMSC a pral pote avèk yo yon pi gwo apresyasyon pou planèt ak kosmos etonan nou tout pataje a!"

Kowòdonatè Ladders to the Outdoors nan tout Eta a, KeJuan Harmon, te deklare, "Ladders to the Outdoors fyè pou l kreye patenarya ak Sèvis Depatman Veteran Eta New York la pou bay yon jounen amizan pou timoun ewo nasyon nou an yo. Kòm misyon nou se ede ede fè timoun yo soti deyò, nou espere ke jou sa akonpli sa epi bay opòtinite pou anpil souvni yo ka genyen."

Gwoup resous anplwaye Militè, Veteran & Kamarad (Military, Veterans & Peers, MVP) New York Mets, te deklare, "Nan non New York Mets, nou kontan pou onore fanmi ak timoun ewo chak jou nou yo lè nou bay yon eksperyans dekouvri sèn inik ak yon jounen memorab nan teren bezbòl la!"

Moniman ki dwe limen pou onore Mwa Timoun Militè a gen ladan:

- 1WTC
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Kosciuszko Bridge
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a

- Moynihan Train Hall
- Pak Eta Istorik Walkway Over the Hudson

Enfòmasyon sou Depatman Sèvis Veteran yo

[Depatman Sèvis Veteran Eta New York la](#) la, ki sèvi kòm ajans defans eta a pou veteran yo, militè yo, ak fanmi militè yo depi 1945, kenbe yon angajman nan tout ajans lan pou sèvi tout veteran yo, militè yo, ak fanmi militè yo nan yon pakèt domèn pratik, ki gen ladan reklamasyon ak kontestasyon pou avantaj ki soti nan Depatman Zafè Veteran Etazini, kontestasyon pou mizajou sou dechaj bay Depatman Defans (Department of Defense, DOD) Etazini an, ak reklamasyon pou avantaj Eta New York yo. Yo ankouraje Veteran yo, manm sèvis yo, ak fanmi militè yo pou yo kontakte Depatman an nan 888-838-7697 oswa [vizite sitwèb li a](#) pou rankontre – an pèsòn oswa vityèllman – avèk yon Konseye Avantaj Veteran ki akredite pou adrese bezwen yo epi pou yo jwenn tout avantaj yo genyen yo. Swiv DVS sou [Facebook](#), [Instagram](#) ak [Twitter](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)